

BAB III

Cara Panaliten

A. Jinising panaliten

Jinising panaliten ingkang dipunginakaken inggih menika panaliten *deskriptif* uga kanthi *pendekatan* sosiologi sastra. Panaliten *deskriptif* menika salah satunggaling metode panaliten ingkang ngginakaken data *deskriptif* awujud seratan ingkang gadhah teges tartamtu. Seratan-seratan wau saged nggambaraken kados pundi *konflik-konflik* ing novel, perkawis menapa kemawon ingkang murugaken *konflik* saha caranipun mungkasi *konflik*. Wondene pendekatan sosiologi sastra inggih menika pendekatan karya sastra kanthi migunakaken aspek-aspek masarakat ing lingkunganipun.

B. Data saha Sumber Data

Panaliten menika minangka panaliten ingkang ngginaaken sumber data ingkang awujud novel. Piranti wonten ing panaliten menika awujud kertu data. Kertu data menika dipunginaaken kangge mbiyantu panaliti manggihaken data. Kertu data menika panaliti ginaaken kangge nyerat asiling maos supados langkung gampil anggenipun manggihaken data ingkang wonten gegayutanipun kalihan wujud konflik sosial, pawadan ingkang njalari konflik sosial saha cara paraga anggenipun ngrampungken konflik.

C. Piranti Panaliten

Panaliten menika minangka panaliten ingkang ngginaaken sumber data ingkang awujud novel. Piranti wonten ing panaliten menika awujud kertu data. Kertu data menika dipunginaaken kangge mbiyantu panaliti manggihaken data. Kertu data menika panaliti ginaaken kangge nyerat asiling maos supados langkung gampang anggenipun manggihaken data ingkang wonten gegayutanipun kalihan wujud konflik sosial, pawadan ingkang njalari konflik sosial saha cara paraga anggenipun ngrampungken konflik.

Miturut Endraswara (2011:5) titikanipun panaliten *kualitatif* wonten ing kajian sastra inggih menika (1) panaliti menika minangka kunci ingkang maos karya sastra kanthi cermat, (2) panaliten menika dipuntindakaken kanthi cara *deskriptif*, (3) langkung nggatosaken proses tinimbang kasilipun, (4) analisis kanthi cara *induktif*, saha (5) makna minangka bab ingkang langkung wigati. Awit saking menika, *instrumen* panaliten menika ngginakaken teknik pengempalan data yaiku kanthi maos saha nyerat subjek lan objek panaliten.

1. Wujud konflik sosial

| | | | |
|-----|----------------------|---------------------|-----------|
| No. | Wujud konflik sosial | Hubunganipun Paraga | Data Kaca |
|-----|----------------------|---------------------|-----------|

2. Pawadan ingkang murugaken Konflik Sosial

| | | | | |
|------|---------------|---------------------------------------|--------|------|
| No. | Wujud konflik | Pawadan | Paraga | Data |
| Data | sosial Paraga | Ingang Murugaken Konflik Sosial | | Kaca |

3. Sikap tokoh anggenipun mungkasi konflik

| | | | | |
|------|---------------|----------------------------|--------|------|
| No. | Wujud konflik | Sikap tokoh | Paraga | Data |
| Data | sosial paraga | nalika mungkasi konflik | | Kaca |

D. Cara Ngempalaken Data

Teknik ngempalaken data menika kanthi cara maos saha nyatet. Maosipun kanthi tliti saha kritis. Tembung, frase, klausa, ukara saha alinea wonten ing salebeting novel *Klelep ing Samudra Rasa* anggitanipun Tulus Setiyadi. Saking data menika saged dipunidentifikasi saha dipunkelompokaken jumbuh kalihan wujud, pawadan ingkang murugaken konflik sosial saha anggenipun paraga mungkasi konflik menika ingkang kalawau dipunserat wonten ing kartu data. Data ingkang sampun makempal lajeng dipunanalisis kanthi cara :

1. Maos kanthi tliti novel *Klelep ing Samudra Rasa* salajengipun dipunanalisis jumbuh kalihan teori ingkang sampun kaserat .
2. Data ingkang sampun makempal dipuntandhani ingkang jumbuh

kalihan prekawis ingkang dipuntliti. Hasil kasebat dipuncatet wonten ing kartu data .

3. Nggambaraken sedaya data ingkang sampun kaanalisis kanthi langkah- langkah wonten ing nginggil menika.

E. Cara Nganalisis Data

Validasi saha Reliabilitas

Keabsahan data saged pikantuk kanthi cara *validitas* saha *reliabilitas*. *Validitas* ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten menika *validitas semantis*. Miturut Endraswara (2011:164) *validitas semantis* menika gadhah ancas jumbuhaken data saking karya sastra kaliyan konteks wacana, saengga data ingkang awujud wacan saged jumbuh kaliyan konteksipun. Ancas saking validasi semantic menika saged katindakaken kanthi cara nganalisis data-data ingkang awujud wacan ingkang jumbuh kaliyan watakipun paraga.

Validasi semantis menika katindakna kanthi pados data ingkang awujud ukara tembung, wacan, dialog, monolog, *deskripsi* pamanggih lan gegayutan paraga setunggal kaliyan paraga sanesipun, ingkang ginanipun kangge mangertosi *konflik sosial* kaliyan *konteksipun*. *Reliabilitas* ingkang dipunginakaken inggih menika *reliabilitas intrarater*, yaiku cara ingkang katindakaken kanthi cara maos lan nganalisis data panaliten kanthi makaping-kaping saengga saged panggih data ingkang trep.

